


**Prezidan  
Henry B. Eyring**  
Premye Konseye nan  
Premye Prezidans lan



# Esperans Lanmou Fanmi Etènèl

**N**an pami tout kado Papa eman nou ki nan Syèl la te bay pitit Li yo, pi gwo a se lavi etènèl (Gade D&A 14:7). Kado sa a se pou nou viv nan prezans Bondye Papa a ak Pitit Gason Byenneme li a pou tout tan an fanmi. Se sèlman nan wayòm ki pi wo nan wayòm Bondye yo, wayòm selès la, lyen eman lavi famiyal yo ap kontinye.

Nou tout espere lajwa ki genyen nan viv nan fanmi eman. Pou kèk nan nou, se yon santiman nou poko santi—yon santiman nou konnen ki posib men ke nou poko reyalize. Nou ka wè li nan lavi lòt moun. Pou kèk nan nou, lanmou famiyal parèt pi reyèl ak pi presye lè lanmò te separe nou avèk yon pitit, yon manman, yon papa, yon frè, yon sè, oubyen yon granparan byenneme.

Nou tout konn santi esperans ke yon jou nou va kapab santi afeksyon manm fanmi sa a nou te tèlman renmen an ankò, ke kounyeya nou ta byen renmen anbrase yon fwa ankò a.

Papa eman nou ki nan Syèl la konn kè nou. Objektif Li se pou Li bannou bonè (Gade 2 Nefi 2:25). Epi Li ban nou don Pitit Gason Li a pou rann lajwa lyen famiyal ki dire pou tout tan yo posib. Paske Sovè a te kase chèn lanmò yo, nou ap resisite. Paske Li te ekspye peche nou yo, atravè lafwa nou ak repantans nou, nou kapab vin diy pou wayòm selès la, kote fanmi yo liye ansanm nan lanmou pou tout tan.

Sovè a te voye Pwofèt Eli vin jwenn Joseph Smith pou retabli kle prètiz yo (gade D&A 110). Avèk kle sa yo

pouvwa sèlman an te vini, epi avèk sa, pi gwo kado Bondye bay pitit Li yo te vin disponib—lavi etènèl nan fanmi ki liye ansanm pou tout tan.

Se yon òf tout pitit Bonye ki vini nan mond lan ka reklame. Yon tyè nan pitit lespri Li yo te rejte òf Li a nan mond lespri a. Akòz yo te manke lafwa epi apres a yo te fè rebelyon ouvètman, yo te chwazi pou yo pa janm rive konnen lajwa ki genyen nan kado Papa nou ki nan Syèl la ban nou an, fanmi etènèl.

Pou sila nan pami nou yo ki te pase tès enpòtan sa a nan lavi premòtèl la epi ki te kalifye pou resevwa kado yon kò mòtèl la, nou toujou gen chans pou n fè gran chwa sa a ki se lavi etènèl la. Si nou gen benediksyon pou n jwenn levanjil retabli a, nou kapab chwazi pou nou fè epi kenbe alyans avèk Bondye ki kalifye nou pou lavi etènèl. Si nou pèsevere nan fidelite sa a, Sentespri a ap konfime esperans nou ak sètitud nou pou fè nou konnen nou sou chimen lavi etènèl la, pou nou viv an fanmi pou tout tan nan wayòm selès la.

Pou kèk moun, lajwa etènèl sa a kapab sanble yon fèb espwa ki menm ap bese. Paran, pitit, frè, ak sè te gen dwa fè chwa ki sanble diskalifye yo pou lavi etènèl. Ou kapab menm mande tèt ou si w kalifye deja atravè Ekspyasyon Jezikri a.

Yon pwofèt Bondye te ban m yon konsèy yon lè ki ban m lapè. Mwen te enkyè pou chwa lòt moun pa t rann li enposib pou fanmi nou rete ansanm pou tout tan. Li te di,

“W ap enkyete w pou fo pwoblèm nan. Jis mennen yon vi ki merite wayòm selès la, epi aranjman famiyal yo ap vin pi mèveye pase w ka imajine.”

Pou tout moun eksperyans pèsonnèl yo, oubyen maryaj yo ak pitit yo—oubyen ki pa gen ni konjwen ni pitit—fè yo gen dout olye de espwa, m ap ofri temwayaj mwèn: Papa nou ki nan Syèl la konnen w epi Li renmen w antanke pitit lespri Li. Lè w te avèk Li menm ak Pitit Gason Byenneme L la anvan lavi sa a, Yo te mete espèrans ou genyen pou lavi etènèl la nan kè w. Avèk pouvwa Ekspyasyon Jezikri a k ap travay epi avèk Sentespri a k ap dirije, ou ka santi lanmou famiyal Papa w ak Pitit Gason Byenneme L la sitèlman vle ou jwenn nan kounyeya, epi w pral santi l nan mond k ap vini an tou.

Mwen temwanyè ke si nou viv diy pou wayòm selès la, pwomès pwofetik ki di “aranjman famiyal yo pral pi mèveye pase sa w ka imajine” a pral aplike pou ou.

---

## ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Pou komanse, panse pou w rakonte moun w ap anseye yo yon moman nan lavi w kote w te rekonesan pou esperans fanmi etènèl la. Envite yo pou yo reflechi sou moman kote yo te santi gratid pou fanmi etènèl yo. Mande yo si yo vle pataje. Apresa ou kapab envite yo pou yo panse sou kèk fason pou yo amelyore epi mennen yon vi ki pi diy de wayòm selès la pou pwomès pwofetik “aranjman famiyal . . . pi mèveye pase sa w ka imajine” a kapab aplike pou yo.

## JÈN YO

### Pataje Bonè Etènèl

**Y**oun nan bagay ki pi bon nan levanjil la se konesans plan sali a. Nou gen bèl opòtinite pou nou avèk fanmi nou pou tout letènite. Konesans sa a ede nou gen yon esperans nenpòt lè nou santi pwoblèm mond

lan depase nou. Prezidan Eyring anseye, “Papa eman nou an ki nan Syèl konnen kè nou. Objektif Li se pou Li bannou bonè (Gade 2 Nefi 2:25). Epi Li ban nou don Pitit Gason Li a pou rann lajwa lyen famiyal ki dire pou tout tan yo posib. . . . Se yon òf chak pitit Bondye ki vini nan mond lan kapab reklame.”

Benediksyon sa a aplike pou tout moun k ap viv kounyè ak sa ki deja mouri yo—men sèlman avèk èd nou. Zansèt nou yo nan mondèzespri a kounyeya, epi y ap tann pou nou prepare non yo pou òdonans tanp yo fèt nan non yo. Men pafwa li kapab difisil pou fè travay la pou yo. Nou gen dwa twò okipe, oubyen nou gen dwa ap viv twò lwen yon tanp pou n ta ale souvan.

Erezman, gen anpil lòt fason nou kapab ede zansèt nou yo, tankou fè travay istwa famiyal, endèksing, oubyen gade timoun pou paran nou pandan yo ale nan tanp. Lè nou ede nan sa a, nou sèvi Senyè a epi sa pote esperans fanmi etènèl pou moun ki nan lòt bò vwal yo.

## TIMOUN

### Fanmi Se Pou Tout Tan

**G**ras ak Ekspyasyon Jezikri a ak retablisman kle prètriz yo, nou kapab viv ak fanmi nou pou tout tan! Kisa w renmen nan fanmi w? Suiv enstriksyon sa yo pou fè chèn papyè sa a pou selebre fanmi ou.

1. Plwaye yon moso papyè ande de fwa pou w kapab genyen yon ti moso papyè long.
2. Desinen yon moun ak men l lonje al nan kwen papyè ki plwaye yo.
3. Koupe desen moun nan. Pa dekoupe kote men yo touche kwen plwaye yo.
4. Deplwaye l. Ekri oubyen desine yon bagay ou renmen apwopo chak manm nan fanmi an.
5. Kole plizyè chèn ansanm si w gen anpil moun nan fanmi an!



# Nouri Fanmi Ansanm

Lafwa, Fanmi, Sekou

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Kòman konpreyansyon sou "Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan" kapab ogmante lafwa w nan Bondye ak beni moun w ap veve sou yo atravè vizit nan fwaye yo? Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

**P**rezidan Russel M. Nelson, Prezidan Kolèj Douz Apot yo, te di yon "mari ak madanm gen yon responsablite solanèl pou youn renmen ak pran swen lòt epi pou yo renmen ak pran swen pitit yo."<sup>1</sup> "Fwaye a dwe se laboratwa Bondye sou lanmou ak sèvis."

"Papa nou ki nan Syèl la vle pou mari ak madanm yo fidèl youn anvwè lòt epi pou yo bay pitit yo valè epi trete yo kòm yon eritaj Senyè a."<sup>2</sup>

Nan Liv Mòmou an, Jakòb di ke lanmou mari yo te genyen pou madanm yo, lanmou madanm yo te genyen pou mari yo, epi lanmou yo toulède te genyen pou pitit yo te pami rezon ki te fè Lamanit yo te rive vin pi jis pase Nefit yo nan yon sèten pwen (gade Jakòb 3:7).

Youn nan pi bon fason pou nou envite lanmou ak amoni nan fwaye nou se lè nou pale jantiman avèk manm fanmi nou. Pale ak jantiyès mennen Sentespri a. Sè Linda K. Burton, prezidant jeneral

Sosyete Sekou a, te mande nou pou n reflechi sou: "konbyen fwa nou entansyonèlman 'pale janti youn ak lòt?'"

## **Ekriti adisyonèl**

Women 12:10; Mozya 4:15; Doktrin ak Alyans 25:5

## **Istwa Vivan**

Èldè D. Todd Christofferson nan Kolèj Douz Apot yo te pataje youn eksperyans anfans li ki te fè l wè enpòtans yon fanmi eman. Lè li menm ansanm ak frè l yo te jèn ti gason, manman yo te fè yon operasyon kansè serye ki te fè l gen anpil doulè lè li te itilize men dwat li. Avèk yon fanmi chaje gason, te gen anpil rad pou pase, men lè manman l t ap pase, li te konn souvan sispann epi l t al nan chanm nan pou l kriye jiskaske doulè a te pase.

Lè papa Èldè Christofferson te reyalize sa k t ap pase, li te rete san manje midi an kachèt, pandan

prèske ennan pou l te ka ekonomize ase kòb pou l t achte yon machin ki te rann travay pase a pi fasil. Nan lanmou li pou madanm li, li te bay pitit gason l yo yon egzanp sou fason pou moun aji andedan fanmi an. Konsènan egzanp jantiyès sa a, Èldè Christofferson te di: "Nan moman sa a mwen pa t konsyan de sakrifis papa m te fè a ak jès plen lanmou li pou manmmanm m nan, men kounyeya ke m konprann ni, m di 'Ala yon bon gason!'"<sup>4</sup>

## **NÒT**

1. "The Family: A Proclamation to the World," *Liahona*, Nov. 2010, 129.
2. Russell M. Nelson, "Salvation and Exaltation," *Liahona*, Me 2008, 8.
3. Linda K. Burton, "We'll Ascend Together," *Liahona*, Me 2015, 31.
4. D. Todd Christofferson, "Let Us Be Men," *Liahona*, Nov. 2006, 46.

## **Reflechi Sou Sa**

Kijan lè nou renmen ak pran swen lòt sa envite Lespri a nan fwaye nou?